

2 jen

(Jezi di :) Vini jwenn mwen, nou tout ki anba fatig ak fado. Mwen menm, m ap ba nou repo.

Matye 11. 28

Lage tout tètchaje nou yo sou li, paske se li k ap pran swen nou. 1 Pyè 5. 7

Kite sila ki gen plis fòs la pote l

Tan te long anpil nan chanm lopital la : men lè m gade nan fenèt la, m te jwenn yon distraksyon : chantye yon kay yo t ap fenk bati. Pami tout machin sa yo k ap travay la, gen youn nan yo ki atire atansyon m : machin k ap leve materyo yo. Chak maten, chofè li a rive an premye nan chantye a, li grenpe monte anwo machin nan epi l ap tann lòd ekip ki talè konsa pral travay sou platfòm nan. Li gen pou li deplase chay ki lou anpil, men okenn nan ouvriye yo pa andanje : li gen sèlman pou li tache yo nan kab machin nan, epi ak yon radyo kominikasyon, pou yo mande chofè a pou li okipe l de sa. Nou pa menm ka imajine pou yon moun ta leve plizyè santèn kilo, tandiske machin nan fè sa byen fasil !

M ap reflechi sou kantite efò souvan n ap fè pou nou pote chay ki pi lou pase nou : yon move konsyans, vid ki nan kè nou, bezwen pou moun renmen nou... Ki kantite fado, sousi, lapenn, nou pa menm ka soulve !

Jezi tou prèt pou li pote nan plas nou tout bagay sa yo k ap toupizi nou. Ann remèt li tout fado nou yo nan la-priyè epi mande li pou li pran chay li.

Zanmi m k ap li sa, sispann kraze kò ou, pandan ou vle pote poukont ou sa Bondye vle ede w pote, oubyen pote nan plas ou ! Vin jwenn Li, pale ak Li. Li renmen ou e Li vle byen ou. Senyè Jezi, vle Sovè ou, soutyen ou chak jou, konseye ou, gid ou !

2 juin

(Jésus dit :) Venez à moi, vous tous qui vous fatiguez et qui êtes chargés, et moi, je vous donnerai du repos.

Matthieu 11. 28

Rejetez sur lui tout votre souci, car il prend soin de vous. 1 Pierre 5. 7

Laisser porter le plus fort

Le temps est long dans ma chambre d'hôpital ; mais depuis la fenêtre, j'ai une petite distraction : le chantier de construction d'un nouveau bâtiment. Parmi toutes ces machines en activité, l'une d'elles m'attire particulièrement : la grue. Chaque matin, son conducteur arrive le premier sur le chantier ; il grimpe tout en haut de l'engin et attend les ordres de l'équipe qui s'affaire bientôt sur la plate-forme au-dessous de lui. Il y a de très lourdes charges à déplacer, mais aucun des ouvriers ne s'y risque : il suffit de les accrocher au câble de la grue, et au moyen d'un talkie-walkie, de demander au grutier de s'en occuper. Ce serait vraiment absurde de se fatiguer à essayer vainement de soulever des centaines de kilos, alors que la grue permet de le faire si facilement !

Je pense à tant d'efforts que nous faisons souvent pour porter des charges bien trop lourdes pour nous : une mauvaise conscience, le vide de notre cœur, le besoin d'être aimé... Que de fardeaux, de soucis, d'angoisses, que nous pouvons à peine soulever !

Jésus est prêt à porter à notre place toutes ces choses qui nous oppressent. Remettons-lui tous ces fardeaux par la prière et demandons-lui de s'en charger.

Ami lecteur, arrête de t'épuiser à vouloir porter toi-même ce que Dieu veut porter avec toi, ou même à ta place ! Viens à lui, parle-lui. Il t'aime et veut ton bien. Le Seigneur Jésus veut être ton Sauveur, ton soutien chaque jour, ton conseiller, ton guide !